ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№150 (23.964) ● 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лыжэ къежэхыгъуэ лъэхъэнэщІэр къызэІуах

Дыгъэгъазэм и 14-м Іущхьэмахуэ лъапэ къыщыдзэІуахащ бгы-лыжэ къежэхыгъуэ лъэхъэнэр. Мыпхуэдэ Іуэху дахэр ирагъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ мы гъэм илъэс 50 ирикъуащ. «Азау» хуейм деж щрагъэкІуэкІа гуфІэгъуэ зэхыхьэм хэтащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Матовников Александррэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ.

МАХУЭШХУЭМ кърихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм кьищынэмыщІа, Екатеринбург, Красноярск, Краснодар, Мэхъэчкъалэ, Владивосток, Улан-Удэ, Ростов кьикІа зыгъэпсэхуакІуэ мини 4-м щІигъу.

- Мы гъэм илъэс тхущІ ирокъу Іуащхьэмахуэ дэкІкІапсэ гъуэгур зэрыраГъажьэрэ. Щэч кьытетхьэркъым зэман гъунэгъуэ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхуІэм зыужьыныгъэ зэригъэтынум. ФыкъакІуэ, зэщыбгъэпсэху мы щІыналъэ дахэм, - жиІащ Матовниковым. ЛыжэкІэ къэжьхьыныжрэ бгым дэкІыным щыхуаГъасэ республикэ сабий спорт школым иІэ зэфІэкІкІэр хьэщІэм кьыхихГъэщэ нэужь, еджапІэм щІэс ныбжьыщІэхэр псом япэу лыжэкІэ бгым кьрагъэжьащ.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ Іуащхьэмахуэ бгыр насыпым и Іуащхьэу кьызэрагъэлъытэр. Ар зызыгъэпсэхухэм екъэхъуащ я унагъуэхэм мамырыгъэр насыпрэ илъынмэ. Сабий спорт школым и гъэсэнхэм екъулІэныгъэшхэр кьагъэлъэГъуэну зэригуапэр кьыхигъэщри, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Матовниковымрэ абыхэм саугъэту ираташ бгым кьызэрежэх лыжэщІэхэр.

- Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэ кэмкІэ министерствэм фыщІэ хуэсщыну сыхуейщ, Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхупІэм, къапщтэмэ, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым зедгъэужьныкІэ зэпымыууэ дэІэпыкъуэгъу кьызэрыгъэхъуэм папщІэ. Ныбжьыщ Іэ цІыкІуэм нобэ сынывохъуэхъу мыпхуэдэу жыджэру, спортым фыщефІакІуэу фыкъэтэджыну. ХьэщІэхэм бысымэми дынывохъуэхъу нобэрей махуэмкІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Урысейм и пощтым а махуэм хуигъэхьэзырат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэр зытет открыткащІэхэр. ЩыхуэкІм Іэмал яІащ я Іэр щІадзу тыгъэ зыхуащІыну зыхуейхэм пощткІэ ахэр хуаутІыпщыну. КЪБР-м и Іэтащхьэри а Іуэхум хэтащ.

Махуэшхуэр яГъэдэхащ щІыналъэм и артистхэм, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэ Дер Мухьэмэд, «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым хэтхэу Жабоевэ Анжелэрэ Анаев Муратрэ.

Балигъхэри ныбжьыщІэхэри зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтащ. Лыжэрэ сноубордкІэ къэзыжьыхьэм папщІэ спорт зэпеуэ зэхуэмыдзэкІэ ирагъэкІуэкІащ. Абы щытекІуэхэм саугъэт лъапІэкІэ ираташ, «Іуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупІэ» акционер зэгухьэныгъэм, «Альпинудстрия» тыкуэнм къабгъэдэкІыу. Къызэхуэсахэр еплъащ Іуащхьэмахуэ и теплъэр мылым къызэрыхаІуащІыкІми.

КъыхэгъэщІапхъэщ а махуэм сыхьэт 11-м къыщыщІдзауэ кІапсэ гъуэгурэр пщІэншэу зэрагъэлэжьар. Апхуэдэуи зыгъэпсэхуакІуэхэр еплъащ къеГъэлакІуэхэр бгым зэгуасу екІуу къызэрежэхам. ПщыхьэщхьэмцІыхухэм Іэмал яІащ бгым къызэрежэхыну Іэжьэжр пщІэншэу къащтэну. Іуащхьэмахуэ лъапэ бгы-лжэв лъэхъэнэр гъатхэпэм ику пщІондэ щокІуэкІ. ИлъэсщІэ зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлІэу абы щыІэ зыщІэпсэхуну хуаГъэфащэ махуэ къэс цІыху мини 3-м нэблагъэм.

Махуэшхуэр зэхуащІыжащ хьэрэкІыТІэхэмкІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр КІыщ М. И. етыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сурэтыщ Іуаздж эм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын **КІыщ Мухьэдин Исмэхьил и къуэм** - «Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэ» Урысейпсо творческэ жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм хэтым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№131-УГ

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и цІыхубэ художник КІыщ Мухьэдин хуэзащ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и цІыхубэ художник КІыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Дианэ Мосс Жаклинрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуаздж эм зегъэужьыным КІыщ Мухьэдин куэд зэрыхихьэр икІи абы и ныбжьыр илъэс 80-м зэрыныбжьыкІэ ехъуэхъури, КЪБР-м и ЩІыхь тхьилъыр иритащ. «Уэ уи творчествэр къупхъэ хузам иткъым. Сэ быдэу си фІэщ мэхъу уи зэфІэкІым и хэкІыпІэр ди деж, укъэщалъхуа Хэкум къызэрыщежьэр. Уи зэфІэкІым дэ дрогушхуэ икІи нэхъыбэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым укъэкІуэжмэ ди гуапэщ», - кьигъэлъэГъуащ абы.

Республикэм и Унафэщ КІыщ Мухьэдин ехъуэхъуащ узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ иІэну, творческэ ехъулІэныгъэхэр къыхихьыну.

Зэлущ Іэм апхуэдэу къыщаІэтащ щэнхабзэмрэ гъуаздж эмрэ я пщІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыІэтыным, щІалэгъуалэр абыхэм ящІэпІыкІыным пыщІа Іуэхуэхэр. КЪБР-м и цІыхубэ художникым республикэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ Іуэхум и творческэ мурадхэм, зэман гъунэгъум хэриубыдэу къызэригъэпэщыну гъэлъэгъуэныгъэхэм.

Зэлущ Іэм хэтащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащІэ Къумахуэ Мухьэдин, «Урысейм и Художникхэм я союз» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Темыркан Геннадий сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Мусуков Алий щыгъуазэ зищІащ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм Щэнхабзэмкі э и унэм и ухуэныгъэр здынэсам

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къумахуэ Мухьэдин, Бахьсэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур сымэ щыгъуу иджыблагъэ щыІащ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм икІи абыхэм зрагъэлъэГъущ жылэм щащІ Щэнхабзэмкі э унэм и ухуэныгъэр здынэсар. Унэр мы илъэсым и кІэм ятыну я мурадщ.

ХьЭЩІЭХЭМ ухуэныгъэм зыщалПъыхьащ икІи зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм арэзы техъуащ. Балъкъыз Артур абыхэм яжриащ Щэнхабзэмкі э унэр яГъуэва пІалъэм ирихьэлІэу зэратынур.

Иджыпсту щэнхабзэ Іуэхущ Іапі эм и пщІантІэм плиткэ иралъхьэ, унэм кьеГъэщІылІа щыпІэр зыхуей хуагъазэ. Унэм и пэшышхуэм щэнт щабэхэр щІагъэващ, махуэ гъунэгъуэм Іупхъуэхэр фІадзэнущ, хуабэри падзэнущ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахьсэн щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Дыгъэгъазэм и 17, *гъубж*

♦Урысейм Іэщэкі э Зэщіэуэзэда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиІэ я ракетэдзэхэм я махуэщ. Ракетэдзэхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэр СССР-м и Правительствэм 1959 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдигъэкІауэ щытащ, РВСН-м и махуэр яГъэлъапІэ 2006 гъэм къыщыщІдзауэ.

♦Урысейм и Къэрал фельдъегер къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ. Къэрал документхэр Іуэхущ Іапі э зэхуэмыдэхэм яІэрызыгъэхьэ а къулыкъум и тхьдэр жьыжь къыщожьэ. Урысей император Павел Езанэм къэрал унафэр 1796 гъэм и щэкІуэгъуэм Іэщ Іыхьа нэужь ищІа япэ унафэхэм ящыщІ фельдъегер Іэнатіэр къызэгъэпэщыным теухуауэ а гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Іэ зыщІдзар.

♦Беларусь Кином и махуэщ

♦Къэзахстаным щагъэлъапІэ энергетикым и махуэр

♦1995 гъэм УФ-м и Къэрал Думэм и етІуанэ зэхуэсыгъэм и депутатхэр хахащ. ♦Нэмыщ композитор, пианист, дирижёр щэджащэ **Людвиг Ван Бетховен** къызэралъхурэ илъэс 249-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ваншенкин Константин** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Норвегием щыщ щІэныгъэлІ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр зыджу щыта **Фогт Ганс** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ кинормэ я актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфащэ, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Броневой Леонид** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрызыщиухьам и къэхутакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **ХьэкІуэ Заур** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакІуэ **Шыхъуэстэн Абдулхьэмид** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, КЪБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Ингушым, Осетие Иццхэрэ - Алание я щыхьэ артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, актрисэ «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» зэпеуэм 2002 гъэм щытекІуа **Фёдоровэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртхьэ-текІыущыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 10, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 18, *бэрэжьей*

♦Іэпхъуэшапхъуэм и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м унафэ кьищтащ Іэпхъуэшэпхъуэн хуейуэ кьызэрыхуэдэкІа дэтхэнэ зы лэжьакІуэми абы и унагъуэм исхэми я хуитныныгъэхэр хъумэным, абыхэм кьащхьщыжыным теухуа унафэм.

♦Урысейм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э и органхэм езыхэм я шынагъуэнщагъэмкі э и кьудамэхэм я махуэщ

♦Урысейм и ЗАГС Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Хъэрыпыбзэм и махуэщ

♦Молдовэм и полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦1865 гъэм США-м и Конституцэм хальхьащ зэгъэзэхуэжьынигъэ. Абы пщылІыгъэр щымыІэж ищІырт.

♦1876 гъэм Петербург щекІуэкІащ Урысейм щыІэпэ политикэ демонстрацэр.

♦1940 гъэм кьащтащ фашистхэр СССР-м къызэрыгъэнуэм теухуа «План Барбароса» жьыхуиІэр.

♦1958 гъэм дунейм щыІэпэу США-м щаутІыпщащ связэр къызэгъэпэщыным хуэлажьэну спутникыр.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Никулин Юрий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сурэтыщІ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІыу, Урысей телевиденэм и академием и академикыу, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» нэтын цІэрыІуэм и къызэрэпэщакІуэу щыта **Ворошилов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къуэкъэбий Виктор** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзехуэ космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Волынов Борис** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Урысейм Художествэхэмкі э и Академием, Испанием и сурэтыщІхэм я академием, ЩІДАА-м я академик **Кіыщ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакІуэ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КЪБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ киноре-жиссёр, сценарист цІэрыІуэ, продюсер, «Оскар» саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфащэ **Спилберг Стивен** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генералынэ унафэщІым и къуэдзэ **Щоджэн Іэуес** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зрата **Питт Брэд** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист икІи гъэсакІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп Джагуэм дыжьын медаль къыщыхьыха, дунейпсо чемпион **Авербух Илья** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

♦Журналист, егъэджакІуэ **Щоджэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Лъэпкъ Іуэху

Нэхъыбэжщ къапэщылъыр

Дыгъэгъазэм и 14-м Налшык къалэм щекІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Іакі уэ гупым я зи чэзу зэІущІэ. Абы хэтащ Тыркум, Иорданием, Израильм, Сирием, Ливаным, Абхъазым, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыІэ Хасэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и лІыкІуэхэр, министрхэр, Хасащхьэм хэтхэр, нэхъыжьыфІхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ езым я фІэфІныгъэкІэ адэжь хэкум къэкІуэжынухэм яхуэгъэпса къэрал программэр къызэрагъэсэбэпыфым, абы ди лъэпкъгъуэхэм къарит Іэмалхэм. Апхуэдэуи зэпкърыхауэ и гугъу ящІащ Іуэбгырей-шэрджэсыбзэр хъумэным, зегъэужьыным ехьэлІауэ ялэжьхэмрэ япэ игъэщІапхъэхэмрэ. Гъэзэщ Іакі уэ гупым хэтхэм иджыри зэ къапщытащ Сирием зауэ къызэрыщыхъейрэ хэкум къызыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зытетыр, аэр зыІущІэ лъэпощхьэпохэмрэ абыхэм хэкІыпІэу кьахуэбгъуэтыфынумрэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд** къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ иджыблагъэ дунейм кьытехьа «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: къыкІэлъыкІуэ илъэсиплІыр. 2015 - 2019» тхьилъыщІэр. Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист Нэщ Іэпыджэ Замирэрэ езымрэ ягъэхьэзыра тхьилъ Іувым зи гугъу ящІ пІалъэм кьриубыдэу ДАХ-м зэфІигъэкІа, илэжьа Іуэху щхьэпэхэр, ар зыхэта дауэдапщэхэр, щІыналъэ Хасэхэм зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэмрэ я зэфІэкІхэмрэ абы щызэхъэсащ. Къэралым и унафэщІым, гъэзэщ Іакі уэ органхэм яхуэзгъэзауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм игъэхьэзыра дэфтэрхэри итщ абы. КъищынэмыщІауэ, тхьилъым къыщыгъуэтынущ XVI лІэщІыгъуэм щегъэжьауэ Урысей къэралыгъуэм хуэлэжьа адыгэхэм я сурэтхэмрэ зэрахьа къулыкъухэмрэ.

2019 гъэм ДАХ-м илэжьа Іуэхуэр **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыщыхэзщІикъуэжым жиІащ куэд зэрыгъэкІами, къапэщылъыр зэрынэхъыбэжыр.

- Мураду ищІ псори зэзыгъэхъулІэфа зы цІыхуи, къэралыгъуи, Іуэхущ Іапі и щыІэкъым. Дэри тхуэзфІэкІ къэдгъэнэкъым икІи къыдэхъулІар нэхъыбэщ. Мы зэманкІэ къэралым ДАХ-м пщІэ къыхуеущ, ар нэхъ иныж хъунуи дыщогугъ. Псом япэрауэ ар зи фІыщІэр мыбы хэт цІыху щэджащэхэмрэ щыналъэ хасэхэмрэщ. Адэкі и дефІэкІуэну, Іуэхуфі кІэ, лэжьыгъэ щхьэпэхэмкІэ гъэнщІа илъэсыщІэ дытехьэну сыныбохъуэхъу, - захуигъэзащ Сэхъурокъуэм къыхэхуэсахэм.

ЗэІущІэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІыхь тхьилъхэмрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмкІэ щагъэлъэпІащ адыгэ Іуэхум иІэсу куэд лъандэрэ хуэлажьэху - тхьэмадэ Іумахуэ **Гъубэщ Іыкі Владимир**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Щ Іыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Кьуэжей Артём**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд**, ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ, «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий** (КъШР) сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Іакі уэ гупым я зи чэзу зэІущІэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм я зым фыкъыщедж эфынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Электрокъару

Арэзы дыкъещІ

«Урысейсетхэр - Кавказ Ищхъэрэ» компаниемрэ и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм гъэ кІуэкІыным и мазэ 11-м кърикІуахэр къыщапщытэжащ.

КЪЭДГЪЭПЪАГЪУЭМЭ, электрокІапсэхэм ирикІуэ токым хэщІыныгъэ емыгъэгъуэтыныкІэ я пщэ далъхьэжа къаланэр проценти 100-кІэ ягъэззащІащ. Апхуэдэуи, гъэр зэрыщІидзэрэ электричествэ хуэныкъуэу закъыхуэзыгъэзахэм я бжыгъэр адрей илъэсхэм елытауэ зэпщІыкІыу хэхъуащ, абыхэм я нэхъыбапІэр и ч эзум токкІэ къызэрагъэпэщащ.

2019 гъэм и мазэ 11 блэкІам Іуэхущ Іапі эм ток къэзыгъэсэбэпхэм я лъэныкІэ къыхуэгъэІурыщІащ, псори зэхэту, зи лъэщагъэ мегаватт мин 35-рэ 373-м нэблагъэ электрокъару. Ар и щыхьэтщ, республикэм и экономикэмрэ и цІыхубэ хозяйствэмрэ кІуэ пэтми тек нэхъыбэ хуей зэрыхъум, апхуэдэуи, Кавказ Ищхъэрэм щыІэ компание нэхъ ин дыдэр щІыналъэм зыщызыужь предприятхэр электричествэкІэ къызэгъэпэщын Іуэхум зэрыпэлъэщым. Абы щыгъуэми, гъэ блэкІахэм, щхьэж къыльысу, щызэщІагъэуІуэ технологие пыщІныгъэхэм я лъэщагъэр мегаватт мин 15-м щхьэдагъэхьыфратэкъым.

«Дэ, компаниемрэ Іутхэр, псом хуэмыдэжу а махуэхэм дыхущІэкъупхъэщ, электричествэм хуэныкъуэхэм ар зэпыу имыІэу я деж нэгъэса зэрыхъунур къызэрэпэщыным. Абы папщІэ дэ диІэщ си гугъу тщІы а лъэхъэнэмэи зи Іэнатіэр набдзэгубзаплъэу езыхъэкІыфын Іэщ Іагъэпі нэсхэр: диспетчерхэр, электромонтёрхэр, техникэм фІыуэ хэзыщыкІ лэжьакІуэфІхэмрэ унафэщІ Іэзэхэмрэ», - къыхиГъэщащ Къарэ Муратэ.

Фигу къыдогъэкІыж: Къэбэрдей-Балъкъэрым дэ щыдиІэщ электрокъарур шынагъэншэу щІыхухэм яІэрыгъэхьэным теплъэхь штаб. Ар пыщІащ «Урысейсетхэр - Кавказ Ищхъэрэ» компаниемрэ и щІыналъэ къудамэм и диспетчер Іэнатіэм. Хуэныкъуэ дэтхэнэри абы мы телефонымкІэ псалъэ хъунущ: **8-662-77-19-45.**

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Былымаблэм былым хуэщщ.

Мэшбащ1э Исхьэкъра щ1алэгъуалэмрэ зэхуоз

Адыгэ Республикэм и Л1ык1уэ Іэхъущ1ап1эу УФ-м и Президентым деж щы1эм иджыблагъэ зэ1ущ1э гуапэ щек1уэк1ащ. Абы ирагъэбл1эгъащ УФ-м и Тхак1уэхэм я союзым и унафэщ1ым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и Тхак1уэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я щ1ыхубз тхак1уэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Мэшбащ1э Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр.

МОСКВА дэс нэхъыжьыф1хэм, щ1ылажьэ щ1ал1эгуалэм, щедж1э ныбжьыщ1эхэм я1уэзащ тхак1уэ ц1эрыпуэр ик1и я уп-щ1эхэм жэуап яритащ, хьыбар гъэщ1эгъуэн куэд яхуиуэтащ. Зэ1ущ1эм хэтащ Москва щ1ыІэ Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, экономик щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э я лэжьак1уэ **Агырб1э Юрий**, АР-м и Премьер-министрым и къуэдзэ - АР-м и Л1ык1уэ Іэхъущ1ап1эу УФ-м и Президентым деж щы1эм и унафэщ1 **Тхьэк1ушынэ Мурат**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмк1э и Советым хэт, АР-м Закон къыдзэыгъэк1 и орган нэхъыщхьэм и л1ык1уэу Москва щ1ыІэ **Хъупсрокъуэ Мурат** сымэ, нэгъэущ1эри.

Я1пэу псалъэ зрата Агырб1э Юрий къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Мэшбащ1эм къик1уа гъэгуанэм, литературэм хуиц1а хэлъхьэныгъэм, адыгэ тхыдэм и напэк1уац1хэр и къалэм жанымк1э ди пащхьэ къызэрыгр1ъхьэм.

Къэпсэлъахэм зэхуэдэу къыхагъэщащ ди тхак1уэ щ1ж1ащ1эм и зэф1ек1ым пщ1эшхуэ зэри1эр, абы и І эдакъэщ1эк1эхэмк1э л1ъапк1э хабзэмрэ щ1ныбжьутыкущхуэм зэрырихьэфар. Нэхъыжьыф1ым ф1ыщ1э ин хуащ1ащ жылагъуэ Іэхъухэми жыдж1эру зэрыхэтым, адыгэм и щ1ынхабзэ-тхыдэ щ1ыниір хъумэным, нэхъ бей щ1ыным и гуащ1э зэрыхилъхьэм, тхак1уэ ныбжьыщ1эхэм гъэзгу зэрахуихишым папщ1э.

Зэ1ущ1эм хэтахэр щыгуф1ык1ащ Исхьэкъ ижри1а хъэрбарыщ1эм – абы и І эдакъэ къыщ1эк1а «Аиссе» романыр зи лъабжьэ фильм трахынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Зэ1ущ1эхэр

Жылагъуэмрэ къэралымрэ зэдэлэжьэн папщ1э

Дыгъэгъазэм и 13-м Налшык къалэм и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуап1эм щек1уэк1ащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фейдэ къебгъэщыным пымыщ1а и Іэхъущ1ап1эхэм (НКО) я ещанэ ц1ыхубз зэхуэсыр. Ар иригъэк1уэк1ащ КъБР-м граждан жылагъуэ Іэхъущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ л1ъапк1э Іэхъухэмк1э и министрым и къалэнхэр зыгъэзащ1э К1урашын Анзор.

Къуныжь Му1эд

К1урашын Анзор

ЗЭ1УЩ1ЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къуныжь Му1эд**, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмк1э, жылагъуэ Іэхъущ1ап1эхэм зегъэужьыныгъэ хьыбарегъащ1э І энатІэхэмк1э и комитетым и унафэщ1 **Емуз Нинэ**, Ц1ыхубз хозяйствэмрэ къэрал І энатІэмк1э УФ-м и Президентым епхауэ лажьэ Урысей академием Кавказ Ищхьэрэм щ1э институтым и унафэщ1 **Лъыс Азэмэт**, республикэм и къэрал, жылагъуэ лэжьак1уэхэр.

К1урашын Анзор зэ1ущ1эр къыщ1ыз31уихым къыхигъэщащ 2019 гъэм я1а ежьэл1эныгъэхэр къызэщ1акъуэжыну, фейдэ къеГъэщ1ыным пымыщ1а Іэхъущ1ап1эхэр ми1эманым зыІуэ гугъуехьхэм, жылагъуэмрэ къэрал къулыкъущ1ап1эхэмрэ зэрызэдлажьэм зегъэужьынымк1э зэф1эгъэк1ыпхъэхэм тепсэльхьыну зэрамурадыр.

Къуныжь Му1эд жи1ащ республикэм щы1э НКО-хэм я лэжьыгъэм нобэ жьы-гъуэм дежк1э мыхьэнэ зи1э Іэхъугуэу куэд къызэрызэщ1рагъэубыдэр.

- Жылагъуэ Іэхъущ1ап1эхэмрэ къэрал къулыкъущ1ап1эхэмрэ дызэдэлажьэмэ, л1ъныкъуитІми ди зэхуэдэ к1ал1эныр нэхъ тыншу тхуэгъэззэщ1ну къызолъытэ. Зи гугъу сщ1ыр цыхуэхэм я псэук1эр егъэф1эк1ырщ, - к1ыхьигъэщащ абы. - Нобэрей зэхуэсым кърихьэл1ащ НКО, жылагъуэ зэгухьэныгъэ 200-м щ1игъуэ и л1ык1уэхэр. Щэч къытесхьэркъым зэ1ущ1эм Іэхъуф1хэр я къызэрыдэк1уэнум.

Пащты Борис къыщ1ыспа-лъэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым НКО-хэр къэрал программэхэм ехьэл1эныгъэ я1эу зэрыхэтыр. «Дыхуейт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал къулыкъущ1ап1эхэмрэ щхьэж хуэзф1эк1, и пщэ дэлъ Іэхъухэмк1э зэдэ1эпыкъуэу зэдзэлажьэну. Къэбгъэльагъуэмэ, ди1эщ апхуэдэ зэдзэлажьэк1эм и щапхъэ. Ауэ, сызэрепл1ымк1э, мыбы хьэрыхэтыщ1эхэри къыхэшэн хуейщ», - жи1ащ Пащтым.

К1урашын Анзор жи1ащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и граждан жылагъуэ Іэхъущ1ап1эхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэращ1ыдэлажьэм и Іэхъук1э» къэрал программэр республикэм зэрыщ1ъэзащ1эр.

Абы къызэрыхигъэщамк1э, мы зэманым щ1ынальэм щ1ылажьэ жылагъуэ Іэхъущ1ап1эу 912-рэ. КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхъущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ л1ъапк1э Іэхъухэмк1э и министерствэм къызэрипщ1ытамк1э, 332-рэ щ1ы1эщ республикэм и районхэмрэ къалэ округхэмрэ. Налшык къалэм апхуэдэ Іэхъущ1ап1эу 126-рэ щрагъэхащ.

- 2017 гъэм епл1ытмэ, мы гъэм республикэ бюджетым къыхэк1ыу НКО-хэм зэрадэ1эпыкъуэм хэхъуащ процент 17-к1э. 2018 гъэм жылагъуэ Іэхъущ1ап1э 34-м я проектхэр яГъэзэщ1эн папщ1э ахъшэк1э зыщ1агъэкъуащ, 2019 гъэм - Іэхъущ1ап1э 39-м, - къыхигъэщащ К1урашыным. - Иужьрей илъэсым яГъэззэщ1а проект 41-м псоми зэхэту субсидиеу республикэм яритар сом мелуан 19-рэ мин 690-рэ мэхъу. Къыхэгъэщ1ыпхъэщ КъБР-м Щэнхабзэмк1э и министерствэм, Налшык къалэм, Лэскэн, Шэрэдж, Шэджэм щ1ынальэхэм я щ1ыпІэ администрацэхэм субсидие ятын зэрыщ1адзар. А Іэхъур щыз31траублрэ Тэрч щ1ынальэми. 2016 гъэр дигу к1эдгъэк1ыжи3, апхуэдэ зэф1эк1хэр зи1ар Налшык къалэм и закъуэщ.

К1урашыным жи1ащ зи унафэщ1 министерствэм и субсидием 2016 гъэм л1ьандэрэ процент 27-м нэблагъэк1э зэрыхэхъуар. Президент саугъэтхэр къэхьынымк1э зэхьэзэхуэхэм республикэм щи1э ехьэл1эныгъэхэм я гугъу щищ1ым, абы жи1ащ 2019 гъэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ 7 абы зэрыщ1текІуар, псоми зэхэту ом мелуан 15-м нэблагъэ къызэрахьар. Къищынэмыщ1а1уэ, 2020 гъэм и мазаем нА1уэ къэхъунущ апхуэдэ зэхьэзэхуэм и ещанэ Іыхьэм республикэм игъэхьа проект 30-м ящ1ыщу сыт хуэдиз пхьэк1ынымк1э. К1урашынымрэ жи1ащ министерствэр НКО-хэм проектхэр щагъэхьэзырк1и аэр щагъэзащ1эк1и дэ1эпыкъуэгъу зэрихуэхъуэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщ1 **Берд Хьэзрэталий** тепсэльыхьащ жылагъуэ лэжьак1уэхэм нэхъыбэу я нэ1э зытрагъэ Іэхъуэхэм. Палатэм папщ1э, 2019 гъэм аэр к1эльыплъащ республикэм фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэрызэрагъэпэщыж щ1ык1эм, зи уэныщагъэм сэкъат и1э ныбжьыщ1эхэр зэрырагъаджэм, к1эрыхубжьэрыхуэр зэрыдашым халъхьа зэхьуэк1ыныгъэхэр зэрагъэзащ1эм, зэф1эк1 зи1э щ1алэгъуалэм зэрадэлажьэм, нэгъэущ1 куэдми.

Зэхуэсым къыщ1ат1эта Іэхъуэхэм ящ1ыщт Хэку зауэшхуэм Тек1уэныгъэ Иныр къызэрыщ1ытхьрэ илъэс 75-рэ зэрырик1ун и щ1ыхьк1э НКО-хэм ирагъэк1уэк1ыну лэжьыгъэр, щ1ал1эгуалэр зэкуп1эу къэгъэтэджным екъэл1ау абыхэм яхуэзэф1эк1ыр.

Зэ1ущ1эм и к1эм ф1ыщ1э, щ1ыхь тхьылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ республикэм и жылагъуэ лэжьак1уэ нэхъ жыдж3рэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іуащхьэмахуэ щ1ынальэм ираташ школ автобусыщ1эхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыпащэ Іэхъущ1ап1эхэм я автопархэр къэгъэщ1эрэщ1эжьыным ехьэл1а лэжьыгъэм.

ИДЖЫБЛАГЪЭ республикэм къы1эрыхьащ школ автобус 45-рэ «В» классым хыхьэ «Дэ1эпыкъуэгъу псынщ1э» автомобилу тхурэ. Къэралым автомобилхэр къыщ1эзыгъэк1и промышленностыр дзы1ыгъыным хуэунэт1а федеральнэ программэм ипк1 ик1и къахуэк1уаеу аращ машинэхэр.

«Форд» Л1эжьыгъуэм щыщ (Урысейм къыщыщ1агъэк1 FORD автомобилхэр) школ автобусхэм хуэдэу т1у ираташ Бахъсэн Ипщэ къуажэмрэ Тырныаузэ къалэм дэт «Гимназие №5» курыт еджап1эхэмрэ, Машинэщ1эхэр къызэгъэпэщащ гъэгуэгъэм шынагъуэншэу щы1эк1уэным хуэщ1а Іэмэпсымэ псомк1и.

КъБР-м егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1ал1эгуалэм я Іуэхуэмк1э и министрым и къалэнхэр зыгъэзащ1э К1ымыкъу Іуэес зэрыжи1амк1э, сабийхэр курыт школым ешэл1эным пыщ1а Іуэху псори зэф1ыхьащ. Машинэщ1эхэр еджап1эхэм къагъэсэбэпу щ1адзэнущ дызыхуэк1уэ илъэсым щегъэжьауэ.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щ1ынальэм и администрацэм и пресс-І энатІэм и унафэщ1.

Будаевэ Зухра Абдуллэхь и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №9-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уэ и судыщ1эхэм я Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещ1:**

1. **Будаевэ Зухра Абдуллэхь и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №9-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум илъэсипщ1 п1ал1эк1э гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щ1эк1уэгъуэм и 28-м
№42-П-П

Дыджэ Джульеттэ Хьэсэнбий и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувынымрэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уэ и судыщ1эхэм я Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещ1:**

1. **Дыджэ Джульеттэ Хьэсэнбий и пхъур** Налшык суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум илъэсипщ1 п1ал1эк1э гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щ1эк1уэгъуэм и 28-м
№43-П-П

Носовэ Светланэ Николай и пхъур Прохладнэ суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувынымрэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уэ и судыщ1эхэм я Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещ1:**

1. **Носовэ Светланэ Николай и пхъур** Прохладнэ суд районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум илъэсипщ1 п1ал1эк1э гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щ1эк1уэгъуэм и 28-м
№44-П-П

Туменов Заур Руслан и къуэр Шэджэм суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувынымрэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уэ и судыщ1эхэм я Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещ1:**

1. **Туменов Заур Руслан и къуэр** Шэджэм суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум илъэсипщ1 п1ал1эк1э гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щ1эк1уэгъуэм и 28-м
№45-П-П

Бахъсэн суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувынымрэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Іыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уэ и судыщ1эхэм я Іуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Регламентым и 155-нэ статьям я1ык1 ик1ыІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащ1э Ташу М. З. Бахъсэн суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум игъэувыну Ащхъуэт Мадинэ Кашиф и пхъурэ К1ыщ Атланы Биуан и пхъурэ я кандидатурэхэр къызэригъэльэгъуам хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещ1:**

1. **Ащхъуэт Мадинэ Кашиф и пхъур** Бахъсэн суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум илъэсищ1 п1ал1эк1э гъэувын.

2. **К1ыщ Атланы Биуан и пхъур** Бахъсэн суд районым и суд участкэ №4-м и зэзыгъэк1уэ судыщ1эм и къулыкъум гъэувынымрэ теухуауэ къыхьалъхьар дэмы1ыгъын.

3. Мы Унафэр хуегъэхьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащ1э Ташу М. З.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щ1эк1уэгъуэм и 28-м
№46-П-П

Налшык и утыкухэм щек1уэк1ыну махуэшхуэ зэ1ущ1эхэр

● Хъыбарегъащ1э

2020 Илъэсыщ1эм дызэрытехьну махуэшхуэ пшыхьэр щагъэхьэзыр ди республикэм и къалащхьэм. Уэрамхэр яГъэщ1эращ1э, арт-бэзэрхэр къызэ1уах, фыцуэ т1ыкуу утыкухэм псей дахэхэр щагъэув, абыхэм щрагъэк1уэк1ыну зэ1ущ1эхэм зыхуагъэхьэзыр.

Дыгъэгъазэм и 20-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуап1эм щек1уэк1ынущ сабий нык1ыущ1ыкъуэхэм папщ1э илъэсыщ1э зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ, абы иужьк1э ахэр кино ирагъэп1ынущ. «Дэ дызэгъусэщ» зи ф1эщыгъэ зэхьыхьэм сыхьэт 12-м щ1идзэнущ. А махуэ дыдэм, пщ1ыхьэщхьэм сыхьэт 16-м, щэнхабзэ Іэхъущ1ап1эхэм щеджэ ныбжьыщ1эхэр зыхэт илъэсыщ1э концерт щы1энущ. Ар щек1уэк1ынур Кавказ Ищхьэрэм Гъуаздзэжэмк1э и къэрал институтращ.

Дыгъэгъазэм и 21-м (сыхьэт 14-м) Къэбэрдей-Балъкъэрым и псей нэхъыщхьэр, Зэгурыіуэныгъэм и утыкум щагъэувар, къызэ1уахынущ. Къэбэрдей уэрамым и лъэсырызек1уэ Іыхьэм дыгъэгъазэм и 21 - 22 махуэхэм артбэзэр ин щызэхашэнущ.

Танцзалым щек1уэк1ыну «Здравствуй, Новый год!» илъэсыщ1э зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр яхуэхахащ сабий куэд къыщ1ыхуэ, зыхуэя хуэмызэ унагъуэхэм щап1 ц1ыкІухэм. **Дыгъэгъазэм и 23, 24, 25 махуэхэм,** сыхьэти 10-м, 12-м, 14-м щ1идзэу щы1энущ а пшыхьэр.

Дыгъэгъазэм и 25-м Нэфхэм я республикэ библиотекэм зэ1ущ1э гуапэ щек1уэк1ынущ, зи нэм ф1ыуэ имыльагъу сабийхэм папщ1э яГъэхьэзырауэ. «Традиции народной культуры на кончиках пальцев» зыф1аща программэм хьыхьэ мы Іуэхум къарагъэблагъэзам иратынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу л1ъапк1эхэм я таурыхъхэр» кьопсалъэ тхьылъэр. Зэ1ущ1эр щ1идзэнущ сыхьэт 13-м.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ а зэманым лэжьахэмрэ папщ1э илъэсыщ1э концерт «Ветеран» клубым щек1уэк1ынущ. Ар, сыхьэт 15-м щ1идзэу, щы1энущ **дыгъэгъазэм и 26-рщ**.

Дыгъэгъазэм и 30-м «Выходи гулять» зыф1аща илъэсыщ1э Іуэху дахэ щы1энущ: «Стрелка» микрорайоным, Тырныаузэ уэрамым и 8-нэ, 10-нэ, 12-нэ унэхэм дэж. «Искож» микрорайоным, Кадыровым и щ1эр зезыхьэ сквером, сыхьэт 12-рэ дакъыкъэ 30-м. «Александровка» микрорайоным, скверыщ1эм, 2-нэ Надречнэ уэрамымрэ Меликьянц и щ1эр зезыхьэ уэрамымрэ щы1эхэк1ым и деж, сыхьэт 14-м.

Дыгъэгъазэм и 31-м Абхъазым и утыкум, сыхьэт 18-м щ1идзэу, «С Новым годом, нальчане!» концертышхуэр щек1уэк1ынущ. А махуэ дыдэм Аттракционхэм я къалэ паркым илъэсыщ1э зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ щы1энущ (абы щыщ1идзэнур сыхьэт 21-раш).

Сыхьэтыр 00.00-м, щ1ышылэм и 1-м, Абхъазым и утыкум махуэшхуэ зэхэтк1ыт1эхэр щагъэлъэтэнущ, 00.30-м Аттракционхэм я къалэ паркым илъэсыщ1э дискотекэ щы1эхэтынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

ХЪАНИЙ Мирон Хьэгуцырэ и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщ1ныгъэшхуэ игъэуващ - илъэс 86-м иту дунейм ехьжащ мэкъумэш І энатІэм пщ1эшхуэ щы1энэ1эм ящ1ыщ, мэкъумэш щ1эныгъэхэм я доктор, профессор Хьаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэр.

Хьаний М. Хь. КъБАССР-м хыхьэ Тэрч щ1ынальэм щыщ Болэтей къуажэм дэс мэкъумэщ1э унагъуэм къыщ1ащ 1934 гъэм щыщхьэу1ум и 21-м.

Курыт школ нэужьым ар щ1эт1ысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и естественнэ (иджы биологие) куэдмэм, ар къызэриухьу, еджап1э нэхъыщ1ым къеГъэщ1ылІа агробиологие гъэунэхуп1э участкэм и унафэщ1у яГъэуващ щы1тащ.

Блэк1а л1эщ1ыгъуэм и 60 гъэхэм я пэщ1эдзэм Хьаний Мирон КъБКъУ-м и аспирантурэм щ1от1ысхьэ, ар кьеухри, «мэкъумэш щ1эныгъэхэм я кандидат» щ1эныгъэ дамыгъэр къыхьыным хуэунэт1ауэ игъэхьэзыра и лэжьыгъэр ехьэл1эныгъэк1 пжетхэм3к1.

Ф1ык1э зыщ1игугъ щ1эныгъэл1 щ1ал1 жаныр КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым щ1ым елэжьынымк1э и кафедрэм и лэжьак1уэу къагъэнэж.

Иужьк1э, республикэм и унафэщ1эхэм я чэнджэщк1э, Хьаний Мирон езыр зыщ1ыщ1ынальэм яГъэк1уэж Къэбэрдей-Балъкъэр опытнэ станцым и унафэщ1ым и къуэдзэу ик1и абы илъэс 16-к1э щолажьэ.

1978 гъэм Хьаний М. Хь. къулыкъущ1э къратащ - ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къэк1ыгъэхэр узыфэхэм химие Іэмалхэмк1э щ1ыхьэмэнымк1э и станцым и унафэщ1у яГъэуващ. И лэжьыгъэм къыщ1эк1уэу, абы и доктор диссертацэри игъэхьэзыращ ик1и ар щ1ытхьу и1эу Киев къалэм (Украинэм и мэкъумэш академием и Аттестацэ комиссэ нэхъыщхьэм) щ1ыпхигъэк1ащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтым (иджы К1уэк1уэ В. М. и щ1эр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет) и яп1э ректору щыта Фи1эпщэ Борис къыхуигъэльагъуэри, Хьаний Мирон 1984 гъэм яГъэуващ мэкъумэш еджап1эщ1эм щ1ым елэжьынымк1э и кафедрэм и унафэщ1у ик1и а І энатІэм илъэс 26-к1э пэрытащ.

Илъэс куэдк1э ириГъэк1уэк1а щ1эныгъэ лэжьыгъэхэм я щ1ыхьэту Хьаний Мирон къэк1ыгъэхэм я жылэхэр егъэфэк1уэным, нэхъыф1хэр къыхэхьыным теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэрэ методикэу 200-м щ1игъу къытрыригъэдзащ, апхуэдэуи жылапхъэхэр гъэк1ным теухуа І эмалыщ1эхэр щыгъэпк1рихэ тхылъ 14 къыдигъэк1ащ.

Хьаний Мирон хэлъхьэныгъэшхуэ хуищ1ащ ц1ыхухэр ерыскъыпх1эк1э ирикъуу къызэрагъэпэщыным теухуа, мыхьэнэшхуэ зи1э лэжьыгъэм, апхуэдэуи мэкъумэш І энатІэм щэщ1ауэ зегъэужьынымрэ щ1ыпкъыр зэрыхуэзф1эк1ырэ хуэщхьэпэным теухуа Іуэхуэхэми.

Профессор Хьаний М. Хь. ф1ыщ1эшхуэ щ1ыхуэщ1ыпхъэ лэжьыгъэхэм ящ1ыщ абы щ1эм тету зызыужь мэкъумэш І энатІэм Іэщ1агъэл1эхр хуэгъэзэзырыным хуэунэт1ауэ зэф1эгъэк1ахэр. Абы и нэ1эм щ1эту я кандидат диссертацэхэр ц1ыху 37-м, я доктор диссертацэхэр пл1ым пхагъэк1ащ.

Мэкъумэш щ1эныгъэмрэ агропромышленнэ комплексымрэ зегъэужьыным хуищ1а хэлъхьэныгъэшхуэм папщ1э Хьаний М. Хь. «Урысей Федерацэм щ1ыхь зи1э и агроном», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1эныгъэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ», «КъБР-м щ1ыхь зи1э и агроном» ц1э л1ъапІэхэр къыф1ащащ.

Ар щ1эныгъэмрэ гъуазджэмк1э Петровскэ академием, Щ1эныгъэмк1э Дунейпсо Адыгэ академием, Пщ1эшхуэ зи1э нэгъэущ1 зэгухьэныгъэхэм хэтащ.

Хьаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэр пэжагъ зыхэль, зи Іуэху еплъыкІэ зи1эж, захуагъэм и телъхьэ, Хэкум хьэлэлу хуэлажьэ ц1ыхуу щытащ. Абы и Іуыджыр л1ьагэт, Къэбэрдей-Балъкъэрми къэралым и нэгъуэщ1 щ1ыпІэхэми пщ1э къыщ1ыхуащ1ырт.

Хьаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэм - зэманым екІуу псэуа ц1ыхум, хэкупсэ нэсым - и фэепл1ь нэхур сыт щ1ыгуи ди гум и1ынщ абы дэлэжьаХэми, и ныбжьэгъухэми, иригъэджахэми.

К1уэк1уэ В. М. и щ1эр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр. Дунейпсо Адыгэ Академием хэтхэр.

Беслъэнейхэр: щІыналъэр, щэнхабзэр, бзэр

Къуэхьэпіэ адыгэхэр XVI лІэщІыгъуэм щегъэжьауэ Кърым хъаныгъуэм и унафэм щІэтащ. Къэралыбі посольствэм къэбэрдейхэми беслъэнейхэми ятеухуа дэфтэр куэд щІэлъщ. Ахэр нэхъыбэу зэрыгъэхар пасэрей уэсмэныбзэщи, тхыдэ щІэныгъэм ехьэлІа ехьыгъэхэм къыщагъэщхьэпэркъым. Ауэ щыхъукІэ, абыхэм къыщигъэлъэгуащ XVI лІэщІыгъуэм адыгэхэр зэхэмызэрыхьу лъэпкъ щхьэхуэ-щхьэхуэу гуэшауэ зэрыщытар.



● Адыгэ лІакъуэхэр

ИПЩЭ-къуэхьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыпсэу адыгэхэмрэ Къэбэрдеймрэ урыс къэралыгъуэм пыщІа щыхьуар 1550 гъэхэрщ. А зэманым Шэрджэсеймкіыуурэ Къэбэрдеймрэ Мэзкуурэ ЛыкІуэ ягъакІуэрт, езы Мэзкуу къикІахэри а щыналъэхэм кьихьэрт. Ауэ а зэхэзэкІуэхэм ятеухуа дэфтэр яхъумакъым, Іэрытхэмрэ къэралщІыб посольствэм къыщыдэкІа унафэхэмрэ я цІэ къыщыраІуэ къудейщ.

XVI - XVII лІэщІыгъуэхэм епха дэфтэрхэми беслъэнейхэм ятеухуа хъыбар ущрохьэлІэ. УрысыбзэкІэ лъэпкъым зэреджэр мыпхуэдэущ: «бесленейцы, бесленейские черкесы, беслинцы, Беслынейн». Лъэпкъыр Псыжь адрыщІым зэрыщыпсэури къыщыхагъэщ абдеж дыдэм.

XVI - XVII лІэщІыгъуэхэм епха урыс дэфтэрхэм Ипщэ-Къуэхьэпіэ Кавказым и цІэ къыщраІуэм деж, нэхъыбэу зытепсэлъихьыр беслъэнейхэмрэ кІэмыргуейхэмрэщ, а лъэпкъитІыр зэрызэпэгъунэгъуми гу лъатэу. Къэбэрдеймтеухуа посольствэм и дэфтэрхэм мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэмпІэ яхэлъщ: «1647 гъэм Кърым хъанакъуэр кІэмыргуейм пэгъунэгъу Беслей махуэ някъуэкІэ щыІащ, Къазий Къэбэрдеймрэ (Къэбэрдеишхуэм) махуищ щрихьэкІащ».

1633 гъэм къыдэкІа унафэм беслъэнейхэр Псыжь деж щыпсэуэу къыхегъащ. Ар щыхьэту къоув зи гугъу тщІыхэр къуэкІыпІэмрэ къуэхьэпІэмкІэ щыпсэуа адыгэхэр зэпызыщІэ лъэмыжу зэрыщытамкІэ.

Беслъэней лъэпкъыр Псыжьрэ Лабэрэ я зэхуакум дэсауэ, иужькІэ, къалмыкъхэм яІэщІэкІын папщІэ, къуршым Іэпхъуауэ жеІэ тырку зыпІпыхьакІуэ Челеби Эвлия.

Адыгэхэр къызытепщІыкІа пщы Инал дунейм ехьижа нэужь, абы и щІэблэр къудамитІу зэгуэкІащ: нэхъыщхьэу къальытэ, къэбэрдейхэр зыхиубыда къудамэр Псыжь и ипщэ Іуфэм къиІэпхъуКІри, Псыхуабэ и Іэшэлъашэм тІысащ. Адрейхэр Псыжь пэгъунэгъуу здэщыІа щыпІэм къэнащ. А хъыбарыри фІэщ пхуэмыщІын хуэдэкъым, ауэ абы кьыдэкІуэу нэгъуэщІ зоклуэ. Беслъэнейхэр къэбэрдейхэм я гъуэсу къэІэпхъуэу, ауэ абы къыдэкІуэу нэгъуэщІ зоклуэ. Беслъэнейхэр къэбэрдейхэм я гъуэсу къэІэпхъуэу, ауэ абы къыдэкІуэу псэупІэхэр щагуэшхуэ, беслъэнейхэм еханэ Іыхьэр лъагъэсауэ, къэбэрдейхэр къуэкІыпІэмкІэ кІуэта нэужь, беслъэнейхэм ятэм щыпсэуэ къухьэпІэмкІэ ягъэзэжа хуэдэу жеІэ ятІуанэ хъыбарым.

Сыт хуэдэ щІыкІэу хъуами, къэбэрдейхэм Кавказ ипщэм щрагъэкІуэкІа зурипльэмэ, зы лэжьыгъэ нэхъ мыхъуми къыпхухэкыркъым абыхэм щхьэхуэу тепсэлъхьу. А щыІэ тІэкІури псалъэуха зырыз-тІурытІу тхакІуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я жьауэ щІэтщ.

Пасэ зэманым щегъэжьауэ, Урысейм зэрыкъэтынур къэбэрдейхэм кьагъэнэгуэху, беслъэнейхэр кърымхэмрэ тыркухэмрэ ягуэувэрт. Ар зэлъытар ябыдщ щІыпІэрт. Псыжь и Іэгъуэблагъэм ис шэрджэсхэр зэрапэгъунэгъуэм къыхэкІыу, политикэ и лъэныкъуэкІэ беслъэнейхэм абыхэм пэІэщІэ дыдэ защІыфырэтхьащ, динкІэ къатехуэ къэралыр ягъэныбжьэгъуныр нэхъ къэзыщІэ я ГъэнэгъуэкІэ нэ зыщІамыгъэхэун папщІэ. Пэжыр жыпІэмэ, беслъэнейхэр тыркухэми тэпэмыууэ ябыщІауэ зэи щытакъым. Іэхуэр зыІутым елъытауэ, зым дамэгъу щыхуэхъуи, адрейм, едаІуэ хуэдэу къуэды ират пэтми, къэбэрдейхэм ягуэту я дзэхэм щыпэщІэуваи къэхъуащ.

Беслъэнейхэми къекІащ пщы зэныкъуэкъым я зэран, ауэ къэбэрдейхэм ещхьу гъэзэвэгъуэшхуэхэм хэхуакъым, ар зи фІыгъэр пщы куэд зэрамыІаращ. Пщы нэхъыбэ здэщыІэ щыналъэхэр нэхъ псынщІэу дэхуэхырт, зэныкъуэкъур зэрынэхъыбэм къыхэкІыу.

Беслъэнеипщэр зи гугъу тщІа Инал и цІэблэм щыщ Къанокъуэ и деж къыщожьэ, «Къанокъуэхэ» унэцІэр щІызэрахьэри аращ. Ауэ езыхэр лакъуитІу егуэшыж: Щолэхъуэхэрэ Бэчмырзэхэрэ. Беслъэней щІыналъэри пщы жылагъуитІу егуэш: Щолэхъуэ епхахэм Щолэхъуейкіэ йоджэ, Бэчмырзэхэ епхам - Бэчмырзейкіэ йоджэ. Тіуми зэгъусэу Беслъэнейкіэ йоджэ.

Къэбэрдейхэм къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ нэхъ кьапэгъунэгъуу щысыр беслъэнейхэрщ. Абыхэм яубыдщ щІыхэр апхуэдэ дыдэу пшэрт, я хъупІэхэри бейт, я теплъэкІи апхуэдэ дыдэу бжьыфІэхэт. Псы куэд щежахырт абыхэм я хэгъэгум. ЛабитІым я зэхуаку дэлъ щІыналъэрт цІыхухэм псэупІэу нэхъ кьыхахыр.

Беслъэнейхэр я гъунэгъу кІэмыргуейхэмрэ абаззэхэмрэ дамэгъу щахуэхъу къэхъурт. Я зэхуаку кьаугъэ гуэрхэр кьыщыдэзэрыхьи кьахуихуэрт. Къэбэрдейхэм хуэдэ дыдэу, беслъэнейхэр вэн-сэным дихьэхыртэкым, ауэ Іэщ зехуэным хуэлэкІуэлъакІуэт, псом хуэмыдэу мэл гъэхъунэр я мэкъумэш Іэхухэм щытепщэт.

Ябэ дыдэу беслъэнейхэм я гугъу щащІыр XVII лІэщІыгъуэрщ. Ауэ лІэщІыгъуитІым и кІуэцІкІэ урипльэмэ, зы лэжьыгъэ нэхъ мыхъуми къыпхухэкыркъым абыхэм щхьэхуэу тепсэлъхьу. А щыІэ тІэкІури псалъэуха зырыз-тІурытІу тхакІуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьыгъэхэм хэпхъащ: Челеби, Главани, Нэгумэ Шорэ, Щербачёвым, Лопатинскэм, Берже, Сталь сымэ, нэгъуэщІхэми, уриси хамэ къэралхэм щыщи яхэту.

А хъыбар мащІэр зы лъэныкъуэкІэ кІэщІщ, етІуанэрауэ - зым жиІэр адрейм темыхуэу щытщ, абы къыжьКІыу беслъэней лъэпкъым я псэукІэр нэгъэсауэ уи нэгу кьыщІагъэхьэфыркъым.

Беслъэнейхэм ятеухуауэ щыІэр зэрымащІэм щхьэусыгъуэ кьыхубогъуэтыф. Япэрауэ, а лъэпкъыр Какказым и гъащІэм кьыхэщу щыттэкъым. ИтІанэ абыхэм ятетхыхьхэм адыгэ лъэпкъхэр ямыгуэшу, псори кьыззэщІэубыдауэт къызэрагъэльагъэуэ, псори кьызэщІэубыдауэт къызэрагъэльагъэуэ. Аращ языныкъуэхэм деж «шэрджэсхэр» жаІэурэ тырку лъэпкъхэми я гугъу ящІыныр къызыхэкІар.

Тхыдэ дэфтэрхэр мащІэми, беслъэнейхэм ятеухуауэ Іэзэрыуатэм куэд ихьумащ. Ауэ ари тхыдэ тегъэщІапІэ пщы хъуркъым, сыту жьпІэмэ, дэтхэнэ лъэхъэнэми езым и нэпкъыжьхэм кьытренэ кхъхьукъащІэм. Нэхъ лъэужьышхэу къэзыгъэнэхэм ящыщІ, исльэмым епха хъыбархэр.

Беслъэней лъэпкъым теуауэ тхыпІымпІэм ит дэфтэрхэр зэрымащІэм хуэдэу, ахэр кьыщежьам теухуауэ хуэгъэфэщэныгъэ зэмыщхьхэр щыІэщ. А псоми лъабжьэ яхуэхъур Іэпхъуэн Іэзхурщ. Ахэр зэрызэщхьещІыкІыр Псыжь деж Іус беслъэнейхэр зы гупым зы щІыпІэм, адрейхэм - нэгъуэщІыпІэ кьикІа хуэдэу зэрыжаІэрщ.

Революцэм ипэкІэ ятха лэжьыгъэхэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлІэр беслъэнейхэрщ. Абыхэм яубыдщ щІыхэр апхуэдэ дыдэу пшэрт, я хъупІэхэри бейт, я теплъэкІи апхуэдэ дыдэу бжьыфІэхэт. Псы куэд щежахырт абыхэм я хэгъэгум. ЛабитІым я зэхуаку дэлъ щІыналъэрт цІыхухэм псэупІэу нэхъ кьыхахыр.

Беслъэнейхэр я гъунэгъу кІэмыргуейхэмрэ абаззэхэмрэ дамэгъу щахуэхъу къэхъурт. Я зэхуаку кьаугъэ гуэрхэр кьыщыдэзэрыхьи кьахуихуэрт. Къэбэрдейхэм хуэдэ дыдэу, беслъэнейхэр вэн-сэным дихьэхыртэкым, ауэ Іэщ зехуэным еханэ Іыхьэр лъагъэсауэ, къэбэрдейхэр кьэхьэкІыпІэмкІэ кІуэта нэужь, беслъэнейхэм ятеухуауэ щыІэр зэрыгъэзэжа хуэдэу жеІэ ятІуанэ хъыбарым.

Пасэ зэманым щегъэжьауэ, Урысейм зэрыкъэтынур къэбэрдейхэм кьагъэнэгуэху, беслъэнейхэр кърымхэмрэ тыркухэмрэ ягуэувэрт. Ар зэлъытар ябыдщ щІыпІэрт. Псыжь и Іэгъуэблагъэм ис шэрджэсхэр зэрапэгъунэгъуэм кьыхэкІыу, политикэ и лъэныкъуэкІэ беслъэнейхэм абыхэм пэІэщІэ дыдэ защІыфырэтхьащ, динкІэ къатехуэ къэралыр ягъэныбжьэгъуныр нэхъ кьэзыщІэ я ГъэнэгъуэкІэ нэ зыщІамыгъэхэун папщІэ. Пэжыр жыпІэмэ, беслъэнейхэр тыркухэми тэтэрхэми зэпымыууэ ябыщІауэ зэрымыгъэшу, псори кьызэщІэубыдауэт къызэрагъэльагъэуэ. Ауэ ари тхыдэ тегъэщІапІэ пщы хъуркъым, сыту жьпІэмэ, дэтхэнэ лъэхъэнэми езым и нэпкъыжьхэм кьытренэ кхъхьукъащІэм. Нэхъ лъэужьышхэу къэзыгъэнэхэм ящыщІ, исльэмым епха хъыбархэр.

Беслъэней лъэпкъым теуауэ тхыпІымпІэм ит дэфтэрхэр зэрымащІэм хуэдэу, ахэр кьыщежьам теухуауэ хуэгъэфэщэныгъэ зэмыщхьхэр щыІэщ. А псоми лъабжьэ яхуэхъур Іэпхъуэн Іэзхурщ. Ахэр зэрызэщхьещІыкІыр Псыжь деж Іус беслъэнейхэр зы гупым зы щІыпІэм, адрейхэм - нэгъуэщІыпІэ кьикІа хуэдэу зэрыжаІэрщ.

Революцэм ипэкІэ ятха лэжьыгъэхэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлІэр беслъэнейхэрщ. Абыхэм яубыдщ щІыхэр апхуэдэ дыдэу пшэрт, я хъупІэхэри бейт, я теплъэкІи апхуэдэ дыдэу бжьыфІэхэт. Псы куэд щежахырт абыхэм я хэгъэгум. ЛабитІым я зэхуаку дэлъ щІыналъэрт цІыхухэм псэупІэу нэхъ кьыхахыр.

Беслъэнейхэр я гъунэгъу кІэмыргуейхэмрэ абаззэхэмрэ дамэгъу щахуэхъу къэхъурт. Я зэхуаку кьаугъэ гуэрхэр кьыщыдэзэрыхьи кьахуихуэрт. Къэбэрдейхэм хуэдэ дыдэу, беслъэнейхэр вэн-сэным дихьэхыртэкым, ауэ Іэщ зехуэным еханэ Іыхьэр лъагъэсауэ, къэбэрдейхэр кьэхьэкІыпІэмкІэ кІуэта нэужь, беслъэнейхэм ятеухуауэ щыІэр зэрыгъэзэжа хуэдэу жеІэ ятІуанэ хъыбарым.

Пасэ зэманым щегъэжьауэ, Урысейм зэрыкъэтынур къэбэрдейхэм кьагъэнэгуэху, беслъэнейхэр кърымхэмрэ тыркухэмрэ ягуэувэрт. Ар зэлъытар ябыдщ щІыпІэрт. Псыжь и Іэгъуэблагъэм ис шэрджэсхэр зэрапэгъунэгъуэм кьыхэкІыу, политикэ и лъэныкъуэкІэ беслъэнейхэм абыхэм пэІэщІэ дыдэ защІыфырэтхьащ, динкІэ къатехуэ къэралыр ягъэныбжьэгъуныр нэхъ кьэзыщІэ я ГъэнэгъуэкІэ нэ зыщІамыгъэхэун папщІэ. Пэжыр жыпІэмэ, беслъэнейхэр тыркухэми тэтэрхэми зэпымыууэ ябыщІауэ зэрымыгъэшу, псори кьызэщІэубыдауэт къызэрагъэльагъэуэ

● Щэнхабзэ

Абхъаз театрым и лэжьыгъэщIэ

Абхъаз къэрал щIалэгъуалэ театрым мэрем кIуам Налшык къалэ щигъэлъэгъуащ Абхъазым и цIыхубэ тхакIуэ Шинкlубэ Бэгърат и «Жылакlэ» романым къытращыкIа спектаклыр. Ди лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI гуузхэм ящыщ зыщ абхъаз тхакIуэшхуэм и романым лъабжьэ хуэхъуар. Абы етхыж лъэпкъкIэ зэджэжу щымыIэж убыхэр зэрыкIуэдыжар, ахэр иужьрей гъэугуанэм зэрытеува щIыкIэр, адыгэ жыгышхуэм и зы къудамэр гукъуэту зэрыгуэщIыкIар.

РОМАНЫМ укъыщеджэкIэ уи нэгу кIыщIыхьэр гущIыхьэщ, дыкъызызыэкIа лъэпкъым и щхьэ кIуирикIуа мы гущагъэр дунеягъэм кIыщымыхъуа гуаузшхуэщ. А псор псалъэкIэ кIуэзыIуэтэфа тхакIуэм кIызыкъуиха лIыгъэм хуэфащэ кIару зиIэ режиссёр щIалэ кIыззрыунэхуар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. ЩIалэгъуалэ театрым и режиссёр Авидзбэ Алиас зытегушхуа Iэхуэр цIыкIуэкъым икIи тынштэкъым. Театр сценэм щыпхуэмыгъэлъэгъуэну кIыщыхъуа тхыдэ пычыгъуэ куур дахэу утыку кIрахьащ. Режиссёрым и мурадари, актёрхэм я кIалэнари кIайхъулIащ, макъамэр, уэздыгъэр, фащэр, декорацэр зэзыгъэзэхуахэми фIыщIэ яхуэфащэщ.

Мы спектаклыр ящэу СыхъумкIа лIыкIуэхэр, студентхэр, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэхэр, журналистхэр, кIуэараксъэ, адыгэм и блэкIар кIызыфIэIуэхуэхэр. Сыхьэтищым щIигъэкIэ спектаклыр абхъазыбзэкIэ екIуэкIащ, урысыбзэкIэ зэрадзэкIыу. Зы дакъикъи укъиутIыпщIыркъым утыкум щекIуэкIым. БзэщIэныгъэлIыр убыхыбзэ зыIуриIыхьэ лIыжь закъуэм и лъапсэм къуса иужь, лъэпкъгъэкIуэдыр кIэзыхуэхуэкIуа убыхэхэм я хъыбарым щIедзэ. Золаркъ Зауркъан жиIэжхэм ди блэкIа жыжьэм ухашэ, утыкум ис дадэм и псалъэхэр гущIэм нос, илъэсищэм щIигъуа лIыжьым и Iэпэхэр кIэзызу къиIуэтэжьи тепльэгъуэ шынагъуэхэр уи нэгум къыщIагъэхьэ утыкум къихьэ актёрхэм. Нэпсыр кърегъакIуэ унагъуэм исхэм къэлътмакъыр зэралъхьэу, жьэгу мафIэр зэрагъэункIыкIыжым; адэм хамэ щIыпIэ жыжьэм къыщIэпэлъэ кхъащхьэм хутракIутэжьи щIы Iэмыщ1э къызэрызидцтэм; тырку кхъухьыжьхэм убых лъэпкъыр зэрыракIутэм; «Сывыкl, сывмыукIаеу, адэкIэ лъэбакъуэ фэзгъэчынкъым», - жиIэу Бэрэкъей и къуэАхьмэд гъэпцIагъэкIэ иратIэжьа и къуэшхэм сэшхуэр игъэдалъэу зэрапэувым; зи сабийр зи кхъущ иIыхьа анэм, хьэдэр трахыу хым хамыддэн щхьэкIэ, гущIэкъуэрэд жриIэу зэрыщхьэщысым; Зауркъан фоч кIакхъур щIичу и шыр иукIыжьи щхьэкIэ и псэм бэлхьеу телъым, нэгъуэщIхэми. Актёрхэм дахэу къагъэлъэгъуащ насыпыншагъэкIэ псыхьа цIыху гъащIэм и теплъэри, гъэпцIагъэрэ бзаджагъэкIэ куда пщыжьхэм я образри, абхъаз-адыгэ лъэпкъым къыпэува урысхэм я бзаджагъэри, фэрыщIу къапежьа тыркухэм я хьилагъэри.

«Зи хэку зыфIэкIуэдым псори фIокIуэд», - жеIэ абхъаз псалъэжьым. Аращ убыххэм къащыщIар. Псэут ахэр, къэкIуэнум фIыкIэ хуэхъуапсэу, джэгухэр я жьэгу пащхьэ щызэхашэу, арщхьэкIэ куэдрэ цIыхум и хъуэпсапIэр къытепхыну?! Ахэр техьащ къуэш хьэдэкIэ сея гъуэгужьым. Мыбы тратхихьар куэдщ, тепсэлъыхьари мащIэкъым. Махуэ къэс къешыпэуэжурэ нобэм къэса лъэпкъ IуэгъэрI иджыри кIыжакъым. Аращ лъэпсэрыхьыр къызыхуагъэкIуа лъэпкъым ущегупсыскIэ уи нэпс къыщIригъакIуэр. Ар иджыри зэ ди нэгу щIагъэкIащ Абхъаз къэрал щIалэгъуалэ театрым и актёрхэм. Спектаклым кIрихьэлIа цIыхухэм фIыщIэ ин хуащIащ ар зыгъэуува режиссёрымрэ абы хэта актёрхэмрэ. Зи нэм нэпс къэкIуа театрелпльэр щыту дакъикъи 5 - 7-кIэ IэгуяхуеуащхьэщIэхэм. Ахэр иджыри къиутIыпщатэкъым утыкум щалъэгъуа теплъэгъуэм я гупсысэр здихьа лъэхъэнэжьым щекIуэкIа гущIыхьэм...

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трикащ.*

● Налшык

Сабийхэр ягъэгушхуэ

«Дэ дунейр тфIэгъэщIэгъуэнщ, дунейм дэ дыфIэгъэщIэгъуэнщ» фIэщыгъэм щIэт фестиваль щекIуэкIащ Налшык дэт 23-нэ курыт еджапIэм. Ар теухуат зи узыншагъэмкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэ сабийхэм гулъытэ яхуэщIынымрэ я гукъыдэжьир къэIэтынымрэ.

«ФIЫ ФЩIЭ» урысейпсо псапащIэ Iуэхум ипкъ иткIэ илъэс зыбжанэ хъуауэ мы Iуэхур ирегъэкIуэкI ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Налшык дэт сабий библиотекэм. 23-нэ еджапIэм ар щIыщграгъэкIуэкIами щхьэусыгъуэ иIэщ. Мы школым хэтщ сабий ныкъуэдыкъуэхэм щадэлажьэ класс. Абы щеджэхэм яхэтщ тхыльэ еджэным дихьэх, усэ фIыуэ зыльэгъу цIыкIуэхэр. Ахэр жьыджэру хэтащ мы зэхуэсми. Фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуащ «Шагъдий» къэфакIуэ ансамблым хэтхэмрэ гъэзджэжмкIэ 1-нэ школым и гъэсэнхэмрэ. Литературно-музыкальнэ щапхъэм тету къызэрагъэпэща нэгу зыужь программэм цIыкIуэхэр абыхэм я адэ-анэхэри ягу ирихьу епльащ. Фестивалым хэта сабий псоми щIыхь тхыльхэмкIэ я цIэ ираIуащ. «Дэ дыщогуфIыкI, илъэс къэс едгъэкIуэкI мы Iуэхум цIыкIуэхэр жьыджэру зэрыхэтым», - жиIащ библиотекэм и унафэщI Хьэту Светланэ.

ХЬЭТУ Астемыр.

● Фысакъ!

МафIэсым зыщIыфхъумэ

Махуэ бжыгъэщ къэнэжар Илъэсыщ1эр къедгъэблэгъэным, ар дгъэлъапIэным. ЦIыхухэм гукъинэж ящыхъуну зыщIыгугъ махуэшхуэхэм зыщIыхуагъэхьэзыркIэ нэхъыщхьэр - шынагъуэншагъэр - яIэщIоху.

Нэхъыбэу ар къэзышэхэм ящыщщ Илъэсыщ1э псейр. Илъэсыщ1э, Хъуромэ зыгъэпсэхугъуэхэм я Iэпэгъуу жьIпIэ хъунущ мафIэсхэр, псейр хабзэм тету зэрамыгъэувам къапэкIуэр.

КъэБэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ и Iуэхущ1апIэм мафIэс-профилактикэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Алборэ Руслан фигу къеГъэкIыж Илъэсыщ1э гуфIэгъуэхэр нэщхьэкIэ зыщIын Iуэхум фыпэIэщIэн папщIэ, псейхэр щыбгъэувкIэ гъэзэщIапIэхэр:

- школхэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэм, клубхэм, цIыкIуэхэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэм сабийхэм папщIэ щагъэув псейр етIуанэ къатым фIэпх хъунукъым, абы щыгъуэми, ар зыщIэтыну пэшым щIэкIыпIит иIэу щытын хуейщ;

- псейр щагъэува пэшым и щIыхьэпIэм пэгъунэгъуу е и кIуэцIым мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэу 3 е 5 щIыпгъын хуейщ. Апхуэдэкъэ щымыIэмэ, гъунэгъу пэшым псы пэгуни 10 нэхърэ мынэхъ мащIэ щIэтын хуейщ;

- псейм блэжьэ быдэ иIэн хуейщ, и къудамэхэр блыным, унащхьэм нэмысу щытыпхъэщ;

- псейр бгъэув хъунукъым къызэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэм пэгъунэгъуу;

- ар щагъэщIэращIэкIэ псынщIэу къэлыд хьэпшыпхэр фIэбдзэ, мафIэсым щызыхъуэмэ зэхэль зыщIэзымыфа бжьэхуцкIэ къэбгъэтIылъыхь хъунукъым абы и къудамэхэмрэ и лъабжьэмрэ;

- илъэсыщIэ пшыхьхэр щрагъэкIуэкIкIэ, псейр зыщIэт пэшым уэздыгъэр щыбгъэункIыф, мафIэс къэзыгъэхъункIэ шынагъуэ зыпылъ уэздыгъэхэр къыщыбгъэсэбэп хъунукъым;

- пэшым фейерверкхэр, бенгал мафIэхэр щыщIэбгъэнэнэр къезэгъыркъым.

Псейр къэлыд хъумэ, псом ящу мафIэсгъэункIыфIхэр къевджэн икIи цIыхухэр пэшым псынщIэу къыщIэфшын хуейщ. Электрогирляндэхэр вгъэункIыфI, токым къыпыфхи, къэлыда псейр гъэункIыфIыным яужь фихьэ: ар къэвгъэкIурий, щэкI Iуэ тефпхъэу, псы тефкIэ е пшахъуэ тефпхъэ. МафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэр къэвгъэсэбэп.

Полимер пкъыгъэхэм къыхэщIыкIа псейр псыкIэ вгъэункIыфIыну яужь фимыхьэ: синтетикэр щискIэ мэткIури, зэбгрож. Ар щискIэ, псы лъэIэсмэ, ткIуахэр кэжъуэлъэнкIэ икIи мафIэсым зригъэбгъуу зэбгриутхыкIынкIэ мэхъу. КьищынэмыщIауэ, полимерэр къыщыпIлкIэ щхьэхъ къапэкрокI, арацци, мафIэсым зэман кIэщIым фыпэмылъэщамэ, псынщIэу пэшым фыщIэкI.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэсыщIэ пшыхьхэр щрагъэкIуэкIкIэ мафIэс шынагъэунэгъэр къызэрэзэпэщынымкIэ жэуапыр пщэрылъ щащI Iуэхущ1апIэхэмрэ Iэнатlэхэмрэ я унафэщIхэм.

Дыщогучъ ди чэнджэщхэр уэрэм фымыщIыну. ИтIанэ, мафIэс къэхъу хъужькъуэмэ, псом ящу «01» номерымкIэ (стационар телефонымкIэ) е «101», «112» (жып телефонхэмкIэ) мафIэсгъэункIыфIхэр къевджэ, цIыхухэр пэшым щIэвгъэIэпхъукIи, мафIэсгъэункIыфIхэм шынагъуэншэ щIыпIэм деж фащIипэплъэ.

Республикэм щыпсэухэмэ абы и хъущIэхэми илъэсыщIэ пшыхьхэр гукъыдэжрэ дзрэжгъэкIэ гъэнщIауэ, зыгъэгумэщIын щымыIэу ирагъэкIуэкIыну дохъуэхъу.

Къэбзэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ и Iуэхущ1апIэ.

Сыт щыгъуи зыхуей IэнатIэщ

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Урысей МВД-м Связымкlэ и Iэнатlэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа зэIущIэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, 1949 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м СССР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым къыдигъэкIащ «Министерствэм и Автомат телефон станцым и стационар къудамэхэр лажьэу ягъэIыпщ хъунрэ мыхъунрэ къэзыпщынэу комиссэ къызэгъэпэщыным теухуауэ» приказ. Аращ мы Iэнатlэм щIэдзапIэ хуэхъуари, мы махуэр ягъэпэлъэныр къызыхэкIари. КъыкIэлъыкIуэ илъэс 50-м Iэнатlэм зэхъуэкIынымгъэ инхэр игъэтащ, иужькIэ ар хуэкIуащ ЩхьэхуэУ щыт Связь хэхам и центр нэхъыщхьэм. 1999 ягъэуващ а махуэр гъэлъэпIэныр.

- Iэнатlэм и къудамэхэм я лэжьакIуэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абыхэм я Iэщ1агъэм куууэ зэрыхащIыкIым и фIыгъэкIэ, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэр зэпыу имыIэу, фIагъэшхуэ зиIэ связкIэ, иджырей зэманым хуэкIуэ лэжьыгъэм ехьэлIа хъыбархэмкIэ зэхъуэжэныкIэ къызэрэпэщащ, - жиIащ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Уэтэр Владимир**. Апхуэдэуи къыхигъэщащ связымкlэ Iэнатlэхэр зэфIэувэным, абыхэм зегъэужьыным къулыкъум и ветеранхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар.

Уэтэр Владимир кьеджащ Урысей МВД-м хъыбар технологиехэмкlэ, связымрэ хъыбархэр хъумэныкIэ и департаментым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Балаев Александррэ Урысей МВД-м связымкlэ и департаментым и Ветеранхэм я советым и тхъэмадэ Туркин Александррэ къабгъэдэкI псалъэ гуапэхэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и тылым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник **Куэпэшэр Владимир** къызэхуэсахэм яжриащ къалэным адэкIи екъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну, унагъуэ зэIуэпэщ ящIну зэригуапэр.

Лэжьыгъэм щаIэ екъулIэныгъэхэм, Урысей МВД-м Связымкlэ и Iэнатlэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70 зэрырикъум я щIыхькIэ лэжьакIуэ нэхъыфIхэм фэеплъ медалхэр ираттащ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Къалэр екIуу ИлъэсыщIэм IуощIэ

Прохладнэ къалэм лэжьыгъэ куэд къыщрахьэлIащ «Городская среда» парт проектым и фIыгъэкIэ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым хэтхэм я мызакъуэу, Iуэхуэхэр зэрекIуэкIым кIэлъоплъ щIыпIэ самоуправленэмкlэ и Советым и депутатхэри, псэупIэ-комунальнэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэри. Мы илъэсым кхриубыдэу зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм хиубыдащ лъэс зекIуапIэхэр зэIуэпэщ щIыныр, къулыкъущIапIэ, фэтэр бжэIупэхэр зыхуей хуэгъэзэнныр. Апхуэдэу, Свободэ уэрамым тет 319-нэ, 319-1-нэ унэхэм я бжэIупэхэм асфальт тралъхьащ, тетIысхьапIэхэр, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр ягъэуващ, пандусхэр ящIащ.

Депутатхэм фэтэрхэм щыпсэухэм зыхуагъаззэурэ, я Iуэху еплъыкIэ зрагъэщIащ икIи абыхэм я псалъэ хэлъу лэжьыгъэхэр зэфIахащ. «Городская среда» проектым ипкъ иткIэ яубыхуа лэжьыгъэхэм адэкIи пащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЛъэсырызекIуэхэр зыхуэсакъыжьыркъым

2018 гъэм ебгъапщэмэ, мы гъэм машинэ зыжьэхэуа лъэсырызекIуэхэм я бжыгъэр процент 31-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Арами, 2019 гъэр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм лъэсырызекIуи 138-рэ хэту насыпыншагъэ къыщыхъуащ. Абыхэм ящыщу 117-м я узыншагъэм сэкъатышхуэ игъуэтащ, цIыху 30-р фэбжьым къелакъым.

ДИ ЩIЫНАЛТЭМ машинэ зэжьэхэуэхэм я бжыгъэр куэдыIуэ щыхъуауэ якIальэтэри, иужьрей зэманым ГИБДД-м лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIат, гъуэгум зэрытет хабзэхэр къызэпызыудхэр къэубыдыным, абы цIыху гъащIэ зэрепхар рулыр зыIыгъхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ гурагъэIуэным теухуауэ. КъБР-м и Правительствэм Гъуэгум щынагъэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ и комиссэм и зэIуэпIэ мызэ-мытIэу зэхэтащ. Фигу къэдгъэкIыжынщ гъуэгум зэрытет хабзэр къызэпызыудахэмрэ административнэ Iуэху къызыхуаIэтахэмрэ сом мелуан бжыгъэхэр зэрапшыныжар, ауэ абыи нэхъ мащIэ ищIыркъым гъуэгум щыгъэзэщIэн хуей хабзэхэр къызыфIэмыIуэхуэр.

Дауи, машинэ зезыгъакIуэхэм я къуанщагъи хэлъщ мы Iуэхум, ауэ лъэсырызекIуэхэр щраудкIэ, нэхъыбэм хабзэм ебэкъуауэ къыщIэкIыр иужьрейхэращ. Псалъэм папщIэ, куэдрэ долъагъу лъэсырызекIуэхэр гъуэгум щызэпрыкI щIыпIэм нэс кIуэн щхьэхуу, езыхэр здыхуейм деж щызэпрыжу. КъищынэмыщIауэ, светофорыр пльажьу хъаблэми, ар къизымыдзэ щыIэщ. Абы и закъуэкъым, къэувыIауэ щыт машинэм ипэмкIэ къыпожэкIри, гъуэгум къытолъадэ. Дауи, щэщIауэ кIыр машинэр къэувыIэфынукъым апхуэдэм деж. Ар балигъэми сабийхэми къагурыуэркъым. **Зыщымыгъэгъупщэ**: машинэ хъэувыIам и щIыбагъымкIэщ цIыхур къызэрипекIуэкIыр, абы иужь ity сэмэгурабгъумкIэ къакIуэ машинэхэм укъалъагъун папщIэ!

Мы гъэм машинэм пэщIэхуа лъэсырызекIуэхэм я зэхуэдитIым (цIыху 70-м) ар жэщуц къащыщыщIар. Тъэмахуэ кIуам къриубыдэу цIыхуитI хэкIуадащ апхуэдэ къэхъугъэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

УнафэщIхэм адэ-анэм фIыщIэ хуащI

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и ООСО-м и кинолог Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къуныжь Къальэн, Iэнатlэм гъэсэныгъэ я лэжьыгъэмкIэ и унафэщIым и къуэдзэ Гъущ1о Рустам, ИК-1-м и кинолог гупым и инструктор-хьэхъжь Дзу Казбек сымэ щыIащ ИК-м и хъумакIуэ къудамэм и кинолог гупым и инструктор-кинолог нэхъыжь Жильцов Виталий и адэ-анэм я деж, Тезыхэр зэпэщынымкIэ федеральнэ къулыкъым и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыхьбгъэдэкI фIыщIэ письмо Iэщ1алъхьэн папщIэ.

ГЪУЩIО Рустам псалъэ гуапэ яжриащ Виталий и адэ-анэм, фIыщIэ яхуищIащ къуэфI зэрагъэсаи папщIэ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Виталий лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, цIыху щэнфIэ къызэрищIы-кIар абыхэм зэрафIыщIэр.

Жильцов Виталий уголовнэ-гъэзащIакIуэ Iэнатlэм 2002 гъэм и щыщIэныгъэ лъандэрэ щолажьэ. И къалэнхэр дагъуэншэу егъэзащIэ, УИС-м и кинологхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр щиIэту зэхуэсу, УФСИН-м и унафэщIхэм мызэ-мытIэу гулъытэ къыхуащIащ, и пщэрылъхэр дагъуэншэу зэригъэзащIэм къыхэкIыж.

Виталий и адэ-анэм, зэрыгуфIэр ямыгъэщIкIуу, фIыщIэ ящIащ апхуэдэ псалъэ гуапэхэмрэ гулъытэмрэ папщIэ.

Iэнатlэм екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа я лэжьэгъуэхэм я адэ-анэхэм я бее кIуэуэ я гунэм фIыщIэ письмохэр щаIэщIэлъхьэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, ар кIыхьа Iэщ1агъэм хуэпэжыпIэ ящIыну тезыгъэгъуэкIуэ.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ, Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым, КъБКъУ-м, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Эльбрус» тхыльтедзапIэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я лэжьакIуэхэр филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Танзил Жантемыр и пхъур** дунейм зэрехьжам къыхэкIыну.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Зауркъэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1ипыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм дыгъэбзаэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыцIрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жьэкlэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 ● Тираж 2.056 ● Заказ №1143